

Feyè pou pran enfòmasyon preliminè/entèvyou ak pou kontwòl travay ki fèt la**Seksyon A. Ou dwe ranpli paj 1 a 3**

Mèsi paske w pèmèt nou prepare deklarasyon taks sou revni ou. **Se oumenm ki gen responsabilite pou enfòmasyon ki nan deklarasyon taks sou revni a; kifè, tanpri bay pwofesyonèl ki sètifye pou prepare deklarasyon taks sou revni a enfòmasyon ki konplè ak egzak.** Si w gen nenpòt kesyon, tanpri mande pwofesyonèl ki prepare deklarasyon taks sou revni pou ou a.

W ap bezwen:

- Enfòmasyon sou taks ou, pa egzanp Fòm W-2, 1099, 1098.
- Kat sekrite sosyal oswa lèt ITIN pou oumenm ansanm ak tout moun ki sou deklarasyon taks sou revni ou.
- Pyès idantite w (pa egzanp, lisans pou kondui oswa lòt pyès idantifikasyon ki gen foto w ladan).

Pati I. Enfòmasyon pèsonèl ou

1. Prenon ou	Inisyal dezyèm prenon	Siyati	Èske w se sitwayen ameriken?	
		<input type="checkbox"/> Wi		<input type="checkbox"/> Non
2. Non mari/madanm ou	Inisyal dezyèm prenon mari/madanm ou	Siyati	Èske mari/madanm ou sitwayen ameriken?	
		<input type="checkbox"/> Wi		<input type="checkbox"/> Non
3. Adrès kote w resevwa lèt pa lapòs	# Apatman	Vil	Eta	Kòd postal
4. Enfòmasyon sou kouman pou kontakte ou				
Telefòn:	Telefòn pòtab:	Imèl		
5. Dat nesans ou	6. Tit ou nan travay la	Èske w:	7. Avèg dapre lalwa	<input type="checkbox"/> Wi
		8. Andikape totalman epi pou tout tan	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
9. Dat nesans mari/madanm ou	10. Tit travay mari/madanm ou	Èske mari/madanm	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
		11. Avèg dapre lalwa	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non
		12. Andikape totalman epi pou tout tan	<input type="checkbox"/> Wi	<input type="checkbox"/> Non

13. Èske gen nenpòt moun ki kapab mete w kòm depandan nan deklarasyon taks sou revni li? Wi Non Pa Sèten

Pati II. Eta civil ak enfòmasyon sou tout moun lakay ou

1. Nan dat ki te 31 desanm 2011, èske w te?

- Selibatè
- Marye : Èske w te abite ak mari/madanm ou pandan nenpòt ki pati nan sis dènye mwa 2010 yo? Wi Non
- Divòse oswa separe devan lalwa : Dat dènye papye divòs la oswa akò pou pansyon alimantè : _____
- Vèf/vèv : Ane lanmò mari/madanm ou : _____

2. Nan espas anba a, fè lis non tout moun ki te abite lakay ou pandan ane 2011 la (apade oumenm oswa mari/madanm ou). Epi mete non nenpòt moun ki pat abite lakay ou, men ou te pran an chaj pandan ane 2011 la. Si w bezwen espas anplis, tanpri tcheke kazyé sa a epi fè lis non yo nan paj 3.

Non (prenon, siyati) pa mete non pa w ni non mari/madanm ou nan espas ki pi ba la a.	Dat nesans (mm/jj/aa)	Kisa moun lan ye pou ou (pa egzanp, pítit gason, manman, sè)	Kantite mwa moun lan te fè lakay ou pandan ane 2011 lan	Sitwayen ameriken oswa rezidan Etazini, Kanada oswa Meksik pandan ane 2011 la (wi/non)	Eta civil nan dat ki te 31/12/11 (S/M)	Elèv lekòl a plen tan pandan ane 2011 lan (wi/non)	Te resevwa mwens pase \$3700 kòm revni (wi/non)
(a)	(b)	(c)	(d)	(e)	(f)	(g)	(h)

- **Volontè ki ede nan preparasyon deklarasyon taks sou revni yo fòme pou bay bon kalite sèvis epi yo pratike pi gwo estanda etik ki genyen yo.**
- Pou rapòte konpòtman imoral bay IRS, voye imèl ba nou nan wi.voltax@irs.gov oswa rele nimewo telefòn gratis la **1-877-330-1205**.

**Pou tcheke nan ki pwen RANBOUSMAN ou lan ye, vizite “Where’s My Refund?”
 (“Ki kote ranbousman m lan ye?”) nan www.irs.gov oswa rele 1-800-829-1954 pou mande asistans.**

Seksyon A. Tanpri ranpli seksyon sa a – tcheke Wi, Non, oswa Pa Sèten pou tout kesyon ki anba yo. Tanpri mande èd, si w bezwen.

Pati III. Revni – Nan ane 2011 la, èske oumenm (oswa mari/madanm ou) te resevwa:**Wi Non Pa Sèten**

- | | | |
|--------------------------|--------------------------|--|
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 1. Peman oswa salè? (Fòm W-2) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 2. Revni ki fèt nan poubwa? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 3. Bousdetid? (Fòm W-2, 1098-T) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 4. Enterè/dividann ki fèt nan: kont kouran/kont ekonomi, bon, CD, komisyon? (Fòm 1099-INT, 1099-DIV, 1099-DIV) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 5. Ranbousman taks sou revni pou eta /lokalite? Fòm 1099-G) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 6. Revni panson alimantè? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 7. Peman paske ou gen pwòp aktivite travay ou (pa egzant lajan kach ou resevwa pou travay, ti antrepriz)? (Fòm 1099-MISC) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 8. Revni (pwofi oswa pèt) nan vann aksyon, bon oswa byen imobilye (san ou pa blye kay pa w)? (Fòm 1099-S, 1099-B) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 9. Revni pou enkapasite (pa egzant peman asirans oswa asirans pou aksidan nan travay [workers compensation])? (Fòm 1099-R, W-2) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 10. Distribisyon ki soti nan panson, anwite ak/oswa IRA? (Fòm 1099-R) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 11. Benefis chomaj (Fòm 1099-G) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 12. Sekirite Sosyal oswa Railroad Retirement Benefis (Benefis retrèt pou moun ki travay nan chemennfè)? (Fòm SSA-1099, RRB-1099) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 13. Revni (oswa pèt) nan pwopriyete ki nan lwave? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 14. Lòt revni: (jwèt aza, lotri, pri, rekompans, sèvis kòm manm jiri, eksétera). Bay detay : _____
(Fòm W-2 G, 1099-MISC) |
-

Pati IV. Depans - Nan ane 2011 la, èske w oumenm oswa mari/madanm ou) te peye:**Wi Non Pa Sèten**

- | | | |
|--------------------------|--------------------------|---|
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 1. Panson alimantè: Si se wi, èske w gen nimewo sekirite sosyal moun ki te resevwa panson alimantè a? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 2. Lajan ou kontribye nan yon kont pou retrèt? <input type="checkbox"/> IRA <input type="checkbox"/> Roth IRA <input type="checkbox"/> 401K <input type="checkbox"/> Lòt |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 3. Depans pou edikasyon ou peye pou tèt pa w, mari/madanm ou, oswa depandan? (pa egzant ekolaj, liv, frè eskolè, eksétera) (Fòm 1098-T) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 4. Depans anplwaye fè e ki gen rapò ak travay, men konpayi kote yo travay la pa ranbouse depans lan (pa egzant, mileyaj)? (pa egzant, founiti klasik pou pwofesè, inifòm oswa mileyaj)? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 5. Depans medikal? (lajan ou peye pou asirans maladi ladan tou)? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 6. Enterè pou ipotèk sou kay? (Fòm 1098)? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 7. Taks pou pwopriyete pou kay ou oswa taks pou byen pèsonèl pou machin ou? (Fòm 1098)?? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 8. Kontribisyon charitab? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 9. Depans pou swen pou depandan ou yo, pa egzant depans pou gadri? |
-

Pati V. Evènman – Nan ane 2011 la, èske oumenm (oswa mari/madanm ou) te:**Wi Non Pa Sèten**

- | | | |
|--------------------------|--------------------------|--|
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 1. Gen yon kont ekonomi pou lasante? (Fòm 5498-SA, 1099-SA W-2 ki gen kòd W nan Kazyé 12 la) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 2. Gen dèt pou yon ipotèk oswa yon kat kredi yon konpayi ki prete moun lajan te anile/padone? (Fòm 1099-C) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 3. Achte, vann oswa yo poze sezi sou kay ou? (Fòm 1099-A) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 4. Gen rediksyon nan enpo pou revni ki fèt nan travay (EIC) men yo pat pèmèt ou pran rediksyon sa a nan yon ane ki dejá pase? Si se wi, pou ki ane fiskal? _____ |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 5. Achte epi enstale atik ki ede ekonomize enèji nan kay ou? (pa egzant fenèt, fwaye, izolasyon pou chofaj, eksétera) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 6. Abite nan yon zòn yon katastwòf natirèl te afekte? Si se wi, ki kote? _____ |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 7. Resewwa kredi pou moun ki achte kay premye fwa nan ane 2008? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 8. Peye nenpòt enterè sou lajan etidyan prete pou al lekòl? (Fòm 1098-E) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 9. Fè peman sou taks ou panse ou kapab gen pou peye a oswa aplike ranbousman ane pase a pou taks pou ane 2011 la? Si se wi, konbyen? _____ |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 10. Al lekòl kòm elèv a plen tan? (Fòm 1098-T) |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 11. Adopte yon timoun? |
| <input type="checkbox"/> | <input type="checkbox"/> | 12. Depoze yon deklarasyon taks sou revni pou ane 2010 la kote ou rapòte “pèt ou te fè nan ane anvan yo sou yon manman lajan” sou Fòm 1040 Fòmil D? |
-

Fon pou Kanpay Elektoral Prezidansyèl: (Si w tcheke yon kazyé, sa pap chanje taks ou ni ranbousman ou.)Tcheke kazyé sa a si oumenm, oswa mari/madanm ou vle pou \$3 al nan fon sa a, si oumenm ak mari/madanm ou ranpli deklarasyon taks sou revni ansam Oumenm Mari/madanm

Enfòmasyon anplis ak kesyon ki gen rapò ak preparasyon deklarasyon taks sou revni ou la

Gen anpil kote ki prepare deklarasyon taks sou revni ki resevwa lajan sibvansyon pou fè travay sa a. Kote sa a kapab itilize enfòmasyon ki nan kesyon sa yo pou li fè aplikasyon pou sibvansyon. N ap itilize repons ou yo pou estatistik sèlman.

Apre angle ki löt lang moun lakay ou pale? _____

Eske yo konsidere oumenm oswa yon moun lakay ou kòm yon moun enfim?

Si yo dwe voye yon ranbousman ba ou oswa si w dwe lajan:

- Mande pwofesyonèl ki prepare deklarasyon taks sou revni pou ou a enfòmasyon sou Depo Dirèk. Se jan ki pi rapid, pi fasil pou resevwa lajan y ap ranbouse w la. Yon deklarasyon taks sou revni ki fèt pa mwayen elektwonik (e-file) vle di ranbousman an ap fèt byen vit. Kontribyab ki depoze deklarasyon taks sou revni pa vwa elektwonik epi ki fè Depo Dirèk an menm tan kapab jwenn ranbousman yo nan apèn 10 jou.
 - Mande pwofesyonèl ki prepare deklarasyon taks sou revni pou ou a enfòmasyon sou Series I U.S. Savings Bonds (*Bon Seri I pou ekonomi nan Etazini*) ak yon pati oswa tout lajan taks y ap ranbouse w la. Savings Bonds se yon jan ki an sekirite epi ki sèten pou envesti nan lavni. Achte I Bonds (Bon I) pou tèt pa ou oswa pou lòt moun nan kantite ki \$50 epi I ap ba w enterè pandan iiska 30 ane.

Si y ap yove ranbousman tounen ba w, èske w ta renmen fè depo dirèk?

Wi Non

Si y ap voye ranbousman tounen ba w, èske w ta renmen enfòmasyon sou kouman pou achete U.S. Savings Bonds?

Wi Non

Si y ap voye ranbousman tounen ba w, èske w ta renmen enfòmasyon sou kouman pou pataje ranbousman ou lan nan kont diferan?

Wi Non

Si w dwe lajan, èske w ta renmen fè peman an dirèkteman nan kontanbank ou?

Wi Non

Lòt kòmantè anplis:

KANPEI A!

Mesi paske w ranpli fòm sa a. Tanpri bay volontè ki sètifye pou prepare deklarasyon taks sou revni a fòm sa a pou li ka prepare deklarasyon taks sou revni a pou ou.

Dwa sivil ou yo pwoteje: Misyon Internal Revenue Service (*Biwo Kontribisyon*) se pou bay kontribyab nan Etazini bon kalite sèvis pou li ka ede yo konprann epi pran responsabilite pou enpo yo epi pou aplike lalwa sou taks yo ak entegrite epi san patipri pou tout moun. Nan okenn sikorans, Internal Revenue Service pap tolere anplwaye li yo, benefisyè li yo, kontraktan li yo, epi/ak sou-kontraktan li yo fè diskriminasyon. Yo pa anpeche PÈSONN MOUN patisipe, ni yo pa kapab refize pèsonn moun benefis, ni yo pa kapab fè pèsonn moun soufri diskriminasyon poutèt ras, koulè, si se famm oswa gason, oriin nasyonal, enfimite, vanjans oswa laj nan pwogram oswa aktivite Depatman Trezò - Internal Revenue Service finanse yo. Nenpòt moun ki kwè yo fè diskriminasyon kont li poutèt ras, koulè, si se fanm oswa gason, oriin nasyonal, enfimite, vanjans oswa laj nan pwogram oswa aktivite ki resevwa asistans finansye (pa egzanp, Biwo Preparasyon Taks pou Moun ki fè ti salè ba, Konsèy sou taks pou granmoun aje) nan men Depatman Trezò IRS, kapab pote yon plent alekri bay: National Headquarters; Office of Equity, Diversity & Inclusion; Internal Revenue Service; Attn: Director, Civil Rights Division (External Civil Rights Team); 1111 Constitution Ave., NW Room 2422; Washington, DC 20224.

Avi konsènan Lalwa sou Rediksyon Kantite Travay ki fèt sou Papye

Lalwa sou Rediksyon Kantite Travay ki fèt sou Papye egzije pou IRS afiche yon nimewo kontwòl OMB sou tout demann pou enfòmasyon publik. Nimewo Kontwòl OMB pou etid sa a se 1545-1964. Epitou, si w gen nepòt kòmantè konsènan estimasyon kantite tan sa dwe pran nan etid sa a oswa si w gen sijesyon sou kouman pou rann pwosesis sa a pi senp, tanpri ekri Internal Revenue Service. Tax Products Coordinating Committee. SE:W:CAR:MP:T:T:SP. 1111 Constitution Ave. NW. Washington, DC 20224.

Seksyon B. Pou volontè ki sètifye pou prepare deklarasyon taks sou revni a ranpli

Sonje byen: Se oumenm ki lyen ant enfòmasyon kontribyab la ak yon deklarasyon taks sou revni ki kòrèk. Verifye pou wè si enfòmasyon kontribyab la nan paj 1, 2 ak 3 konplè. Ou dwe pale de tout kesyon yo ak kontribyab la epi ou dwe chanje tout repons ki make "Pa Sèten" yo pou "Wi" oswa "Non".

Volontè ki sètifye a dwe ranpli seksyon sa a sèlman si non moun yo nan Pati II, Kesyon 2

Tcheke pou wè si non moun yo nan parèt Pati II, Kesyon 2

Wi

Non

1. Èske nenpòt lòt moun ka mete moun ki gen non yo nan Pati II, Kesyon 2 kòm yon dependan nan deklarasyon taks sou revni yo? **Si se wi, kiyès ladan yo :**
-
-
-

Wi

Non

2. Èske nenpòt nan moun ki gen non yo nan Pati II, Kesyon 2, andikape totalman epi pou tout tan?
Si se wi, kiyès ladan yo :
-
-
-

Wi

Non

3. Èske nenpòt nan moun ki gen non yo nan Pati II, Kesyon 2, te kontribye plis pase 50% pou sipòte tèt yo?
Si se wi, kiyès ladan yo :
-
-
-

Wi

Non

4. Èske kontribyab la te bay plis pase lamwatye pou sipòte chak nan moun ki gen non yo nan Pati II, Kesyon 2?
Si se wi, kiyès ladan yo :
-
-
-

Wi

Non

5. Èske kontribyab la te peye plis pase lamwatye kantiite sa koute pou mentni yon kay pou nenpòt nan moun ki gen non yo nan Pati II, Kesyon 2? **Si se wi, kiyès ladan yo :**
-
-
-

Sonje byen :

(Itilize) Piblikasyon 4012, *Volunteer Resource Guide (Gid ki sèvi kòm resous pou volontè)* ak Piblikasyon 17, *Your Federal Income Tax (Taks federal sou revni ou)* I è w ap pran desizyon ki gen pou wè ak lalwa sou taks.

Seksyon C. Pou pwofesyonèl ki sètifye pou fè kontwòl kalite a ranpli

Konfime chak atik apre w fin revize fòm deklarasyon taks sou revni a epi apre w fin verifye li mete an pratik lalwa sou taks ki kòrèk yo dapre enfòmasyon kontribyab la bay la.

1. **Seksyon A ak B** nan fòm sa a konplè.
2. Yo te verifye idantifikasyon kontribyab la, adrès ak nimewo telefòn lan.
3. Non, nimewo sekirite sosyal oswa ITIN yo oswa EIN yo, ak dat nesans kontribyab la, mari/madanm, ak dependan yo matche ak pyès ki jistifye taks la.
4. Yo detèmine **sitiyasyon klasman** an kòrèkteman.
5. **Egzanpsyon pèsonèl** ak pou **dependan** yo te rantre kòrèkteman nan deklarasyon taks sou revni a.
6. Tout **revni** ki parèt nan dokiman orijinal la epi ki note nan Seksyon A, Pati III parèt nan deklarasyon taks sou revni yo tou.
7. Nenpòt **ajisman ki fèt nan revni** a rapòte kòrèkteman.
8. **Dediksyon estanda, dediksyon anplis oswa dediksyon detaye** yo kòrèk.
9. Yo rapòte tout **kredi** kòrèkteman.
10. Dediksyon yo parèt sou **Fòm W-2, 1099** epi **estimasyon peman ou fè sou kantite taks ou panse ou ka dwe yo** rapòte kòrèkteman.
- Nou adrese tout kesyon ki gen pou wè ak lalwa sou taks epi nou fè chanjman ki nesesè yo.
- Si kontribyab la chwazi Depo Dirèk oswa Debi, kont kouran/kont ekonomi ak enfòmasyon sou bank lan matche ak pyès ki jistifye taks la.
- Nimewo SIDN ak EFIN kòrèk la parèt nan deklarasyon taks sou revni a.

Nòt anplis espesyalis nan preparasyon taks la:
